


RETE ATANTIF A SENTÒM SA YO



Si ou menm, kèk moun nan fanmi oubyen kèk zanmi w ta wè youn nan sentòm sa yo, twa oswa plis epizòd dyare nan yon entèval 24 trè, chache èd medikal.

REKÒMANDASYON GENERAL



Pa naje, pa benyen oswa bwè dlo inondasyon oswa nenpòt dlo enpwòp ki kapab kontamine.



Si posib, kouvri blesi oswa grafonyen ak bandaj enpèmeyab.



Si w ta bezwen mete pye w nan dlo oswa nan labou aprè l fin fè gwo lapli, mete bòt nan pye w e mete gan na men w pou w ka redwi kontak ak dlo a.



Trete dlo a anvan ou bwè l, bouyi l oswa itilize ipoklorit sodyòm (klowòks).



Fè prevansyon kont enfeksyon bèt wonjè («rat, sourit») ka pwovoke pandan w ap ranje poubèl, fatra adekwatman.



Si w ta wè kèk chanjman nan dlo tiyo a (tankou odè epi/oswa chanje koulè), antre an kontak avèk Direksyon Minisipal Sante pou li ka avize antrepriz responsab la pou li korije pwoblèm nan.



Nan sitiyaasyon ijans, pwodwi alimantè endistriyalize e anbale nan bidon metalik byen fèmen, ki PA andomaje, pèfoure oswa louvri, ka itilize.

ORYENTASYON POU POPILASYON NAN SITIYASYON D INONDASYON



Nan sitiyaasyon d ijans, li esansyèl pou w fè atasyon ak dlo, maje epi ijyèn. Anpil maladi tankou leptospiwoz, tetanòs, epatit A, maladi dyare andemik, elatriye. Li fondamantal tou pou w pran prekosyon ak bèt vèminez ki sòti nan dechè e debris.



Fèt atasyon ak dlo

Lè dlo a kontamine gen kèk maladi ki sòti ladan l ki kapab fasilman pwopaje tankou dyare, kolera, fyèv tifoyid, epatit, jeyadyaz («enfeksyon entestinal»), amibyaz, vèminòz e leptospiwoz.

Kidonk, pa konsome pwodwi alimantè ki ta an kontak ak dlo inondasyon oswa labou, menm pwodwi alimantè ki ta byen abanle, byen fèmen, oswa pwodwi alimantè perisab (tankou fri, legim ak salad).

Anvan ou bwè dlo, li esansyèl pou w adopte bon jan mezi pou n fè dlo a potab pou bwè.

Pi ba a gen de opsyon pou trete dlo pou moun bwè

OPSYON 1 FILTRE E DEZENFEKTE



Filtre oswa koule dlo a nan fit domestik, filt an papye oswa an twal pwòp



Après dlo a fin filtre, ajoute 2 gout ipoklorit sodyòm (klowòks), a 2,5% pou chak yon lit (« 1 lit ») dlo.



Melanje l byen e tann 30 minit anvan nou bwè dlo a.



Lipoklorit sodyòm nan, avèk pwisans klowòks atif ant 2,0% a 2,5%, san okenn lòt aditif tankou : klowòks, dezenfektan, esans, pafen elatriye, kapab itilize pou desenfekte dlo tankou ranplasman flakon 50ml ipoklorit sodyòm nan a 2,5%, pou treteman entradomisilye dlo a pou konsomasyon. Ministè Sante distribye pwodwi a pou reponn a bezwen popilasyon ki pa gen aksè a dlo trete.

OPSYON 2 FILTRE E BOUYI

(Si pa ta gen ipoklorit sodyòm a 2,5%)



Filtre oswa koule dlo a nan fit domestik, filt an papye oswa an twal pwòp



Après w fin filtre oswa koule, bouyi dlo a pandan 5 minit a konte de lè li kòmanse bouyi.



Tann dlo a frèt epi sekwe dlo a aprè l fin bouyi anvan nou bwè l





Fèt atansyon avèk pwodwi alimantè yo

Pandan e aprè yon sitiyasyon ijans: li posib pou pwodwi alimantè yo pa ta nan kondisyon adekwa pou yo konsome. Nan ka sa a, li enpòtan pou w obsève e pran kèk prekosyon pou w ka garanti kalite pwodwi alimantè sa yo.

Swen nan ijyenizasyon an, nan preparasyon e estokaj pwodwi alimantè yo se yon pwosesis ekstrèmman enpòtan, paske pwodwi alimantè ki pa gade e estòke adekwatman pakab transmèt maladi.

JETE E PA KONSOME



Nenpòt pwodwi alimantè ki ta gen kontak ak dlo inondasyon/glisman teren /labou.



Pwodwi alimantè ki te konsève nan anbalaj enpèmeyab oswa fèmèn tanko bòl, boutèy, flakon an vit, tip anbalaj "a long vi", fèmèn oswa ouvri, ki ta gen kontak a dlo inondasyon dwe jete nan poubèl.



Menm ke pwodwi alimantè a ta parèt sèch, li ka pa sen, paske dlo inondasyon an kapab Penetre nan resipyan e kouvèti yo.



Pa janm goute manje a pou w detèmine si l bon. Si w gen dout sou li, jete l !



Fèt atansyon ak leptospiwoz

Leptospiwoz se yon maladi ke bakteri ki sòti nan pipi wonjè (rat, sourit) epi ki jeneralman epapiye nan dlo sal ki sòti nan inondasyon, labou e twou ego.

1 Ou te konnen ke, nan sitiyasyon inondasyon, li pa toujou posib pou pran mezi prevansyon, kidonk, aprè kontak ak dlo inondasyon, li enpòtan pou w rete vijilan e, si nou ta gen FYÈV, li kapab akonpanye tou ak doulè nan kò, prensipalman nan senti oswa deyè pye. Nan ka sa a, chaje imedyatman èd medikal e enfòmè medsen yo ke w te an kontak ak dlo oswa labou ki te pwopableman kontamine.

2

Kouvri blezi oswa grafonyen avèk bandaj enpèmeyab oswa kouvèti ki anpeche l mouye.

2 Lè sa posib, toujou mete rad, tenis oswa bòt de pwoteksyon enpèmeyab lè w prè inondasyon oswa dlo ou tè ke pipi bèt ta ka kontamine.

3

3 Tretman an dwe kòmanse nan moman sispisyon maladi a, san nesite pou w gen konfimasyon laboratwa.

4



Pa gen medikaman pou EVITE leptospiwoz



Fèt atansyon ak risk tetanòs yo

Tetanòs se yon maladi grav. Sa ki koz li se bakteri ki sòti nan objè metal (menm ke yo pa ta wouye), nan bwa, nan vit oswa menm nan tè (branch bwa, pikan, moso bwa elatriye).

Moun nan kapab malad anpil lè yon objè ke bakteri sa kontamine ta blese, pèfore, pike) yon moun. Nan ka ijans, kontak avèk fatra e debri kapab pwovoke lezyon sa yo, kòm konsekans, maladi tetanòs aksidantèl.

Meyè fòm prevansyon e pwoteksyon se vaksinasyon. Nan kèk sitiyasyon, yo preskri sewòm antitetanik lan pou prevansyon e tretman. Pwoteje men, bwa ak gan epi pye, janm ak bòt lè w ap manyen debri, dechè. Evite aksidan ki ka debouche sou kontaminasyon.



Fèt atansyon ak bèt vèminez yo

Kote ki gen inondasyon, fatra, dechè e debri ogmante risk pou aksidan avèk bèt vèminez yo (tankou eskòpyon, arenye e koulèv). Nan sitiyasyon sa yo, bèt yo konn abitye al abrite yo nan lokal sèk, tankou anndan kay oswa kote yo akimile fatra oubyen dechè

An ka ou ta rankontre kèk nan bèt sa yo, antre an kontak avèk otorite konpetan yo (ponpye, polis anbyantal oubyen Inite Vijilans Zoonoz, pa egzanzp). Evite touche bèt sa yo, menm ke w ta wè yo parèt yo mouri.



SI BÈT TA ATAKE W

Si kèk bèt ta mòde, agrese yon moun, moun nan dwe chaje chimen lopital pou evalyasyon



Fèt atansyon ak risk chòk elektrik

Kote ki imid ogmante anpil anpil risk pou kontak avèk dlo ki kondwi kouran e fè elektrisite a vin pi danjere ak sa ki bò kote l tankou pano solèy pou pwovoke chòk elektrik avèk lezyon grav epi/oswa fatal



Priorize sekirite w e sonje ke swen an pa dwe sèlman vize byen-nèt fizik, men tou byen-nèt mantal. Si posib, rete an kontak avèk fanmi e fanmi, pataje santiman, chaje apwi sikolojik, si nesèsè.



KONTAK ITIL

PWOTEKTÈ
SIVIL
199

PONPYE
193

SAMU
192

BRIGAD
MILITÈ
190

CENTRO DE AYUDA
A LA MUJER
180

DENONSYASYON
KONT VIYOLANS
100